MODERN ART FOR NIGERIA

# ART MEDICINE

# PREGNANCY AND WOMAN BODY

**Everybody wey get HIV suppose take better treatment with medicine wey dem dey call antiretroviral or ARV.**

NOVEMBER 2020



# PEOPLE WEY GET HIV, DEM FIT BORN PIKIN WEY NO GET HIV?




## YES O!

Dis ARV medicine dey protect your pikin from HIV wen you carry belle, even wen you dey born am and dey time you dey give am breast.

Talk am with your nurse or doctor.

# ABI THE TREATMENT NA DEY SAME FOR WOMAN WEY GET BELLE AND OTHER PEOPLE WEY GET HIV?

**Nigeria talk say anybody wey get HIV, no mata when e start, no mata e CD4 test or viral load, make the person take medicine.**

**You fit get belle or you wan get belle.**

**E get things wey woman suppose know before you take medicine.**

**This small book talk am wella.**

# NEW MEDICINE FOR NIGERIA



## We dey change medicine wey dey give as first-line.

**This medicine na usually three ARVs dem join am for one pill wey we dey call am fixed-dose combination.**

**The new join-join (combination) medicine of ARV is: tenofovir, lamivudine and dolutegravir (DTG). This join-join we dey follow call am TLD.**

**The former join-join be get one medicine dem dey call efavirenz.**



# WOMAN WEY GET HIV FIT SWALLOW THIS ARV MEDICINE DEM DEY CALL DOLUTEGRAVIR OR DTG?

# YES O!*

**But with some jara.**

*** All women wey get belle and HIV, dem go tell dem wetin dey available, make e and dey health worker for choose the ARV (medicine) combination wey correct for dem.**

# BUT AS I DON ALREADY CARRY BELLE NKO?



**If you don already carry belle and you dey swallow ARV medicine wey get dolutegravir(DTG), dem go advice make you still dey take am.**

**This ART medicine dey protect or cover your pikin when e dey belle, when you dey born am and when you dey give am breast.**


# MAKE SURE SEY YOU DEY GIDIGBA WITH WETIN YOU DECIDE

## E dey very important o!

**E good make you sabi sey, if you wan carry belle and you dey swallow DTG and that thing wey dem dey call Neural tube defects dey fear you, you fit change medicine to efavirenz**

**Or if you choose to swallow efavirenz for the time wey you carry belle, you go fit change to DTG later.**






# TAKE CARE OF YASELF O!

**Your own health and your HV treatment na dey most important things to reason make your pikin dey healthy.**

# MAKE YOU SABI YOUR CHOICE

Make e be sey you sabi wetin dey make you for make better choice-plus wetin dey for this paper.

Make sure sey your health worker talk this options with you and e respect your choice.






**Find out more about treatment and the free app at:**

**www.modernartforsouthafrica.co.za**

**@modernart4sa**

TAC TREATMENT ACTION CAMPAIGN

i-base

PEPFAR

CRS CATHOLIC RELIEF SERVICES

CLINTON HEALTH ACCESS INITIATIVE

